



## IKIYAGO N'ABAMENYESHAMAKURU CO KU WA KANE

### IGENEKEREZO RYA 5/08/2021

*Bagenzi mujejwe gutohoza, kwandika no kumenyesha amakuru,*

*Ndabaramukije Amahoro y'Imana.*

1. Ndabaheye ikaze mwebwe mwese mwaje muri kino kiganiro. Umurwi CVR wipfuza kubabwira ata guhishanya, aho ugejeje igikorwa co kumenya Ukuri ku mabi yashikiye Abarundi hano mu gisagara ca Bujumbura mu rwimo rwo mu 1972. Tubibutse ko tumaze gukorera mu ntara za Gitega, Karusi, Makamba, Rumonge, Bururi, Muyinga na Kirundo. Kuva ku wa 22 Mukakaro naho, turi hano ku murwa mukuru w'ubutunzi, aho tuzokorera gushika igenekerezo rya 14 Myandagaro.
2. Turaherutse kubamenyesha ingene dukora, aho twaheruka kubonana ku wa 27 Mukakaro. Uwo musi twariko turavugana n'abarongoye intwaro mu gisagara ca Bujumbura. Twarabisubiyemwo ku wa 27 Mukakaro, igihe twatanguza icese ibikorwa nyenzina hano i Bujumbura no mu micungararo yaho. Twari hariya muri zone Ngagara, aho bita kuri Zion Temple.
3. Uwo musi twababwiye ko tugiyе gukorera mu makomine yose uko ari 3, no mu mazone yose y'iki gisagara ca Bujumbura uko ari 13, twumviriza abahumure, dusesangura inzandiko za kera, tugendera ahatawe abantu ikivunga. Kandi twari twababwiye ko tuzohora tubamenyesha ingene imirimo iriko iratera imbere. Nivyo rero tugira tubacire ku mayange, inyuma y'indwi ya mbere turi ku kivi. Isango n'iyi rero.
4. Ubwa mbere na mbere, mwomenya ko tumaze kwumviriza inararibonye zirenga 50. Ni abahumure bakuze. Uwfuse imyaka mike muribo afise 60. Uwfuse

myinshi nawe afise imyaka 85. Ni abagabo n'abagore, bagwiriyemwo abapfakazi n'impfuyi, abahoze ari abakozi ba Reta, abari abashoferi b'amakamyo yaseha abagiye kwicwa be n'abishwe, abari abanyeshule... n'abandi biboneye canke baciye mu vyago vy'urwimo rwo mu 1972.

*Bashingantahe, Bapfasoni,*

*Bamenyeshamakuru,*

5. Ibantu izo nararibonye zatwiganiye birateye ubwoba. Ibindi birasiga ubwenge.

Erega baratubwiye neza na neza ko :

- Inzego z'igihugu na gisirikare, abo mu ntwaro, abakozi bo mw'igendereza (sûreté), abo muri Parquet, abari barongoye umugambwe UPRONA, urwaruka rwa JRR rwegukira uwo mugambe...eka abari bafise ubutegetsi, aribo babica bigacika mu gufataabantu, mu kubica no mu kubanyaga utwabo ;
- Ubwo bwicanyi bwahiga uruhande rumwe rw'Abarundi, Abahutu bize n'abandi bafise ubuzima bwisununuye ;
- Aho bata abishwe ikivunga hari ku Buterere. Ibinogo rusangi vyimbwa n'amamashini yo mu bushikiranganji bw'ibikorwa rusangi (Ministère des Travaux Publics). Abashoferi benshi b'ivyo bimashini, bari aba zaïrois;
- Abapfakazi n'impfuyi ba se bishwe, barirukanwe mu mazu ya Reta babamwo;
- Bensi muri abo bana n'abapfakazi, baciye baja mu buzima bugoye bwo kwangara, gushumba no gusegerereza. Hari n'abaciye bahitamwo kuduga kuba ruguru;
- Baratubwiye ko hari Abatutsi b'umutima bagerageje gukingira Abahutu abagira bicwe, kandi muri abo Batutsi, hari ababizize;
- Ikindi twumvise ubwa mbere, kandi ata handi twari bwacumve, n'uko aho haruguru mu Buhonga hari umuryango washoboye kugira imigirwa yo kugandara ku babo bari bishwe. Ahandi hose, batubwiye ko vyari bibujijwe;

- Baratubwiye ko hari abanyeshule bo mu mashule y'intango bari bamenye mu mashule, baronse amanota meza yo kwimurirwa mu mashule yisumbuye; ariko barabuze ibibanza, baruhira gutaha imuhira kurima.
- Hari n'abavyeyi benshi baciye bacika inkokora aho baboneye ko abakozi ba Reta n'inzindi ncabwenge zimariwe ku buhomba, baciye bankira abana babo gusubira ku mashule;
- Abasirikare bavuga ko bariko barahiga aba Mayi Mulele baje gufasha Abahutu ingwano mu Burundi;
- Harashinzwe itegeko ribuza abantu gucaruka bugorovye (couvre-feu). Haranashizweho amabariyeri ku mabarabara. Ivyo bikaba vyafasha mu gufata abagomba kugergeza guhunga;
- Abantu benshi bafatwa, basomwa ku ntonde (ama liste) yari yarateguwe ;
- Mu Buyenzi, Abahutu benshi bahavuye bahindura akabira, biyita aba zaïrois kugira ntibafatwe;
- Prezida Michel Micombero yarasavye mugenzi we wa Zaïre, Mobutu Sese Seko, kumurungikira inteko za gisirkare. Aho abo basoda b'aba zaïrois bashikiye i Bujumbura, baratangaye, kuko basanze ata ngwano ihari, ko ahubwo ari ubwicanyi bwahiga abo mu bwoko bw'Abahutu;
- Abafatwa, bajanwa ubwa mbere na mbere mu makambi na district (aho bita muri Commissariat), aho bicwa n'amahiri, abandi bagasogotwa imbugita (baïonnettes) ;
- Imiryango yagerageza gushira imfungurwa ababo kuri Commissariat, ntiyahabwa uruhusha rwo kubabona;
- Hari imisore y'Abahutu bari baremerewe, mbere barinjira mu gisirkare c'igihugu. Bamwe bari mu rwego rw'ibisongerezi (sous-officiers). Bose barishwe;
- Baratubwiye ko mu bikoresho vyakoreshejwe mu kwica abo bantu hano i Bujumbura, harimwo imigano isongoye cane, yazanwe n'amakamyo batazira 'Pfakwurira' ;

- Abajanwa kwicwa, bafatirwa imuhira iwabo, abandi ku kazi, abandi ku mashule, abandi ku mabariyeri, abandi bagatumwako kurengura i bukuru ;
- Abafashwe, batwarwa n'imiduga, bakagenda bicaweko n'abasirikare ;
- Hafashwe cane cane abagabo n'imisore ; ni gake abakenyezi n'abakobwa canke abana bafatwa, naho nyene hari abagore bishwe;
- Carazira kikaziririzwa kuva mw'ikomine ngo uje mu yindi udafise urukaratasi rwa murekarengane (laissez-passer) ruteyeko igikumu n'umukuru w'intara ;
- Hari Abatutsi bishwe na bagenzi babo b'Abatutsi, babahora ko bagerageje gukingira inzirakarengane z'Abahutu. Hari n'abandi Batutsi bishwe na bagenzi babo kubera bari bafise ibindi bapfa (règlement de compte);
- Abo twabajije bose bavuga ko Reta y'Uburundi, na cane cane Prezida wa Republika, Michel Micombero, ari we wa mbere yagirwa n'ubwo bwicanyi bwo mu 1972 ;
- Hano i Bujumbura, ibinogo rusangi vyatawemwo abantu ikivunga, vyimbwa ku murango, bigatabwamwo abantu mw'ijoro ;
- Aba JRR barakoreshejwe cane mu bikorwa vyo guhiga incabwenge z'Abahutu ku Ntahangwa, muri Quartier Zeimet, mu Kabondo, amaja kw'i Tanganyika, amaja kuri Belvedère, mu Ngagara, mu Kamenge, mu Cibitoke, no kuri ETS Kamenge ;
- Ku mabariyeri, abantu bahafatirwa, barakubagurwa, abandi bagakurwa n'impuzu bambaye, ngo bariko barondera kuraba ko bafise indasago ;
- Hari abakubiswe inyundo mu mutwe, abandi bagacumitwa n'ibimoto, hari n'ababoherwa amaboko imugongo, bagapfa basambagirika inyuma y'imisi ibiri canke itatu ;
- Urwaruka rw'Umuhari wa JRR ruvugwa ko rwakubagura abantu, ngo rwahabwa amategeko n'abakuru mu ntwaro na gisirikare ;
- Abajanwa kwicwa ngo bagirizwa ko ari abamenja, canke ko bafise imipanga yo kumara Abatutsi ;
- Hari abafatwa ngo kubera bafise amazuru afyase ;

- Abapfakazi n'impfuvyi barakumiriwe cane mu kibano, bagatungwa urutoke ngo "ehe wa mugore w'umumenja", canke ngo "ehe ba bana b'abamenja";
- Kugandara, kuganduka, canke guca ku mazi kuri abo biswe abamenja, ntivyari vyemewe ;
- Abajanwa kwicwa kenshi babanza gucanwa mu makambi ya gisirikare, canke muri district ya Bujumbura aho bahohoshwa hagati y'isaha imwe n'isaha zitandatu z'ijoro ;
- Hari abahambwe mu binogo rusangi ku Buterere bagihema ;
- Hari umugore yavuze ko yarekuwe mu gasho abanje gutanga amafranga 80.000.

*Bagenzi bamenyeshamakuru,*

6. Aha mu gisagara ca Bujumbura, amakuru ntitwayakuye mu bantu b'inrararibonye gusa. N'inzandiko za kera ziravuga ! Mu vyo twitwa « archives », twarakuyeyo amazina y'abafashwe mu kwezi kwa Rusama mu 1972 ; twaratoye ibiraba imiduga n'amazu yafashwe ; twaramenye amakonti y'abishwe yafashwe; twararonse amazina y'abaciriwe urwo gupfa na Sentare ya Gisirikare (Conseil de Guerre) yashashe mu kwa Rusama 1972 ; ... Twaragiye gusesangura no mu nzandiko za kera zo mu Bushikiranganji w'ubutungane, muri Parke nkuru ya Republika, izo mu Bushikiranganji bw'idero, izo mu Buyobozi bukuru bw'ibinyamakuru vya Reta, izo muri Radio télévision y'igihugu. Aho hose, twarashoboye kumenya ko kuva intwaro ya Republika ishinzwe, cane cane buca ibara rigwa mu 1972, hagumye hari insaku n'ibihuha, aho abantu b'inzirakarengane baza baragirizwa nk'ibi vyaha bikurikira :

- Gukwiragiza inzandiko zigumura abenegihugu ngo banke ubutegetsi ;
- Gutera kubiri n'intwaro ya Republika, ngo ushigikiye intwaro ya cami, canke wipfuza ko intwaro ya cami igaruka ;
- Gukwiragiza ibihuha bityoza Prezida Michel Micombero n'intwaro yiwe ;
- Kugira amanama mu kinyegero yo guhungabanya umutekano...

7. Mu Bushikiranganji bw'Indero, twaratooyeyo amazina y'abakozi ba Reta hamwe n'ay'abigisha bishwe, abandi barakurwa mu kazi bagirizwa ko bakurikiranwa n'ubutungane, canke ko batanze imihoho, canke bataye akazi, canke bishwe.
8. Kw'ishule ryisubumbuye ryitwa ENA, hari abanyeshule bababa 50 kw'150 biga kuri iryo shule, babuzwe irengero ryabo ;
9. Kuri Athénée Royale ya Bujumbura, hari abana b'Abahutu bafashwe abandi barakubitwa barashaya, ivyo bakaba babigiriwe na bagenzi babo b'Abatutsi, buca haba umusi mukuru wa Ascension mu 1972 ;
10. Kw'ishule ryitiriwe Mutima Mweranda, Collège du Saint Esprit, ryagabwa n'aba Jésuites, nta banyeshule benshi bahafatiwe, ariko hari abanyeshule b'Abatutsi mu bakuze, bari bafise ibibugita n'amabuye, bakaba bariraye muri bagenzi babo b'Abahutu barabakubagura. Hari ku kagoroba. Bahatowe n'umupatiri w'umuzungu yaciye asukamwo mabisi ibara ritaragua.
11. Kuri ETS Kamenge, abanyeshule baratwawe n'abasirikare, bagenda mazimayongo kw'igenekerezo rya 17 Rusama 1972. Haje intwazangabo mu gisirikare, afata micro mu minwe ati : « **Hari abanyeshule bategerezwa gufatwa ubu nyene. Ngira ndabahamagare. Umunyeshule wese aza kwiyumva izina, ace ahaguruka, ashire amaboko hejuru, agende agana zirya kamyo za gisirikare, yurire ace aryama hasi yubitse inda** ». Abanyeshule bose bafashwe uwo musi, barapfurye. Kandi Reta y'Uburundi ntiyigeze ibwira abavyeyi n'abo bana iyo bagiye... Ivyo rero ni vyiza ko tubibwira imiryango n'abo vyashikiye ; n'imiryango y'ababikoze ikabimenya ; eka n'amakungu akabimenya, kuko ni Ukuri kwose !

*Bagenzi bamenyeshamakuru,*

12. Twoshobora kubaha ubundi burorero bwinshi cane busa n'ubwo, kuko ivyo vyarabaye no kw'Ishule Kaminuza y'Uburundi. Ariko reka tubiganire ivyerekeye **ibinogo rusangi vyo mu 1972** tumaze gutora i Bujumbura. Kw'igenekerezo rya 28/7/2021, niho twatangura akazi nyezina ko kubirondera. Kandi twarabitoye ku Buterere, Quartier ya mbere, Agacimbiri ka 4 aho bitwa « Ku Bumwe ». Aha twahafuruye ibinogo rusangi bitatu. Hari ico twasanzemwo amagufa y'abantu be n'impuzu, munsi y'ingundu y'igitoke.

13. Abaduhaye inkuru batubwiye ko abahiciwe, bazanwa n'amakamyo ya gisirikare. Ngo bari incabwenge, bamwe baturuka mu ntara zo hagati mu gihugu, cane cane mu ntara za Bubanza na Bujumbura. Ivyo binogo rusangi, nkuko muza kubibona ku masanamu twafashe, biri mw'ivu ry'umusenyi ucanze n'urukeceri (gravier), kandi biri ahantu hadengera amazi. Iyo gravier, ni iyo bazanye kuhasuka. Hari n'amagufa yatowe hafi y'amazu y'abantu. Ni ibisigarira bagiye barazura bariko barubaka ayo mazu, baca babita aho hantu. Niko ababibonye babitubwiye.
14. Kw'igenekerezo rya 30/7/2021, hari ikindi kinogo rusangi twafuruye, naco nyene tukaba twaragitoyemwo ibisigarira vy'abantu. Kiri aho nyene muri Komine Ntahangwa, zone Buterere, ku Buterere ya mbere, aho nyene bita « Ku bumwe ». Kiri mu murima w'umwenegihugu, yari yahateye imboga zirengarenga. Ni nko ku metero 17 uva aho twatoye ikinogo ca mbere. Ibisigarira vy'abantu vyarimwo, twarabikuyeyo. Birimwo amagufa, impuzu, n'imisipi. Ico kinogo gipima **6,3m z'amaduga, 3,6m z'amakika**, be na **1,10m uja mu kuzimu**. N'ico kinogo nyene, twarahejeje kugikuramwo ivarimwo vyose.
15. Buca tugitora, twari twafuruye ibindi binogo rusangi bibiri aho nyene ku Buterere, bita « Ku bumwe ». Navyo nyene vyari vyegereye ico twatoye kw'igenerezo rya 27/7/2021. N'aha nyene twarahakuye ibisigarira bigizwe n'amagufa y'abantu.
16. Kw'igenekerezo rya 31/07/2021, twarabandajije kurondera ibisigarira vy'abiciwe abo ku Buterere, « Ku bumwe » (abo abandi bita **Gbadolite**). N'aha nyene twahasanzé ikindi kinogo rusangi kiri muri parcelle nzima. N'ubu rero turacabandanya kurondera.
17. Ikindi mwomenya, n'uko no kuri Paroisse Saint Augustin mu Buyenzi, bahaturangiye ikinogo rusangi kinini cane. Coco rero cavuzwe n'umudereva w'imodoka yabajana kubasukayo. Ubu uwo mushoferi ari mu za bukuru.
18. Ni nawe yatwiganiye ko ibiduga vy'amamashini « bulldozers » arivyo vyimvye ico kinogo rusangi co mu Buyenzi hamwe na bimwe twababwira vyo ku Buterere. Abadereva bavyo bakora ku murango, maze imivyimba y'abantu imaze gutabwayo, bakagaruka gusukako ivu kuva saa sita y'ijoro gushika bugira

buce. Abahava bicwa, ngo babanza kujanwa mu makambi ya gisirikare ariyo Camp Base yo ku Musaga, Camp Buyenzi na Camp Ngagara.

19. Ivyo vyose vyakorwa n'inzego z'ighugu. Ni zo zakoresheje abashoferi b'aba zarois (abakongomani). Kandi nka bose muribo barishwe ! Muri abo, bamwe bakoreshejwe mu kunyonga ivyo bimashini vyimba ibinogo rusangi no gusukako ivu ; abandi ngo bakoreshejwe mu kuja kwegeranya imiduga y'abakozi ba Reta n'abandi Bahutu bishwe bavanwe mu ma quartiers babamwo. Izo modokari ngo zaca zegeranirizwa muri Camp Base ku Musaga.
20. Nuko rero, banyakubawa bamenyeshamakuru, aho niho muri CVR tugejeje ibikorwa hano mu gisagara ca Bujumbura. Twagomba tubonereho gushimira abantu bose baduhaye aya makuru tubabwiye. Turatumiyе n'abandi bafise ivyo bazi ku bwicanyi bwabaye mu 1972, ngo baze kubitwiganira. Bazoba bafashije Umurwi CVR n'Uburundi bwose kuronka umuco ku mabi yazingamitse ighugu cacu.

Murakoze. Imana ibahezagire !